

## AVI A PASYAN YO

Ou se yon pasyan nan yon lopital sikyatrik. Ou gen dwa pou resevwa swen an sekirite epi avèk respè ki satisfè bezwen ou yo. Anplwaye yo la pou ede w epi trete w avèk diyite.

Si ou gen kesyon sou swen ou, sityasyon legal ou, oswa dwa ou yo, tanpri mande yon manm pèsònèl lopital la.

Sèvis Legal pou Ijyèn Mantal (MHLS) se yon ajans tribinal endepandan ki la pou pwoteje dwa ou yo. MHLS kapab:

- Reponn kesyon legal ou menm oswa fanmi ou genyen
- Ede w ak pwoblèm konsènan tretman w oswa ospitalizasyon ou
- Repezante w nan tribinal si sa nesèsè.

Si ou vle gen yon odyans nan tribinal sou kesyon ospitalizasyon ou oswa tretman ou, ou menm, oswa yon moun ki aji nan non ou, ka kontakte Sèvis Legal Ijyèn Mantal lè ou rele oswa ekri yo dirèkteman oswa mande anplwaye lopital yo fè aranjman sa yo pou ou.

---

Enfòmasyon pou kontakte MHLS lokal la

## DEKLARASYON JENERAL SOU DWA PASYAN YO

Ou gen dwa, sof si yo endike otreman, pou jwenn

- (1) yon anviwonman ki pwòp e an sekirite;
- (2) yon rejim alimantè ki ekilibre e ki nourisan;
- (3) rad pèsònèl ki konvab;
- (4) pratike relijyon;
- (5) libète pou w pa sibi abi ak move tretman nan men anplwaye oswa lòt rezidan yo;
- (6) founiti konvab pou w fè twalèt ou ak ijyèn pèsònèl ou;
- (7) yon kantite espas ki rezonab e an sekirite pou stoke rad ak lòt bagay pèsònèl;
- (8) yon degre rezonab vi prive nan zòn pou dòmi, benyen ak fè twalèt yo;
- (9) resevwa vizitè pandan lè rezonab, otorize manm fanmi w ak lòt moun adilt ki pral gen priyorite pou vizite w, pou yo gen vi prive lè ou resevwa vizit, epi pou ou kominike lib ak moun ki andedan oswa andeyò etablisman an;
- (10) swen medikal ak dantè ki apwopriye;
- (11) yon plan tretman oswa sèvis endividyèl epi pou w patisipe nan devlopman plan sa a, ki gen ladan opòtinite (si ou gen 16 an oswa plis) pou mande yon moun ki enpòtan pou ou, tankou nenpòt fanmi, zanmi pwòch oswa moun ki konsène ak byennèt ou, pou yo patisipe nan devlopman plan sa a, eksepte nan pwogram ijans sikyatrik konplè yo, yo dwe bay opòtinite pou yon moun enpòtan patisipe kote sa posib; epi
- (12) W ap resevwa yon avi alekri konsènan estati legal ou ak dwa ou genyen nan moman yo admèt ou nan lopital la epi si estati ou chanje. Ou ka mande anplwaye lopital la oswa Sèvis Legal Ijyèn Mantal la pou kopi anplis.
- (13) Ou gen dwa pou w pote nenpòt kesyon oswa plent ou genyen bay direktè lopital la (oswa moun ki deziyen pou tande kesyon oswa plent yo), Sèvis Legal Ijyèn Mantal la, Komisyon Vizitè lopital sa a (si sa aplikab), ak Sant Jistis pou Pwoteksyon Moun ki gen Bezwen Espesyal yo. Ou gen dwa tou pou w kominike lib avèk moun ki andeyò lopital la, epi pou w konsilte avèk yon avoka pou ede w. Anvan ou egzeyate, lopital la ap ede w fè aranjman pou swen ak tretman ou andeyò lopital la.

## **REZIME PWOSEDI LEGAL POU ADMISYON, RETANSYON AK EGZEYAT.**

### **ADMISYON NAN KA IJANS**

Si yon sikyat ak yon lòt doktè ki anplwaye nan lopital sa a detèmine ke ou bezwen obsèvasyon, swen ak tretman imedyà, yo ka kenbe ou nan lopital la pou yon peryòd de jiska 15 jou apati de dat ou rive a. Nan fen peryòd 15 jou sa a, lopital la dwe egzeyate ou, konvèti ou an estati pasyan envolontè, oswa mande ou pou w rete kòm yon pasyan volontè oswa enfòmèl. Si ou menm, oswa moun ki ap aji nan non ou, kwè ke ou pa bezwen obsèvasyon, swen ak tretman imedyà, ou menm oswa yo menm ka fè yon demann alekri pou yon odyans nan tribinal, ki pral fèt nan yon delè senk jou.

### **ADMISYON ENVOLONTÈ**

Si ou se yon pasyan envolontè dapre sètifika doktè ki ekzamine ou ansanm ak yon enfimyè pratisyen sikyatrik ki egzamine ou (oswa de (2) doktè ki egzamine ou), yo ka kenbe ou nan lopital la pou yon peryòd de jiska 60 jou apati de dat admisyon ou an. Si ou menm, oswa moun ki ap aji nan non ou, kwè ke ou pa bezwen swen ak tretman envolontè, ou menm oswa yo menm ka fè yon demann alekri pou yon odyans nan tribinal.

Nan fen peryòd 60 jou sa a, lopital la dwe egzeyate ou, mande ou rete kòm yon pasyan volontè oswa enfòmèl, oswa aplike nan tribinal la pou yon òdonans pou kenbe ou nan lopital la. Chak fwa yo fè yon aplikasyon nan yon tribinal, ou gen dwa pou jwenn yon odyans. Premye òdonans pou kenbe ou nan lopital la kapab pou jiska 6 mwa, dezyèm lan pou jiska yon ane, epi twazyèm lan ak chak òdonans ki vin apre yo ka pou jiska de ane.

### **ADMISYON VOLONTÈ**

Ou se yon pasyan ki gen estati pasyan volontè si ou te siyen yon aplikasyon pou mande admisyon volontè, oswa si ou gen mwens pase 18 ane epi yo te siyen yon aplikasyon pou ou. Ou ka nenpòt ki lè avize anplwaye lopital la si ou ta renmen pou egzeyate nan lopital la. Lopital la lè sa a, oblije egzeyate ou san pèdi tan, sof si direktè lopital la panse ke ou bezwen rete-nan ka sa a, li gen 72 èdtan pou mande yon tribinal pou yon òdonans pou kenbe ou nan lopital la.

### **RANBOUSMAN**

Ou menm, ak konpayi asirans sante ou, legalman responsab pou peye pou swen yo. Anplis, mari oswa madanm ou, nan kèk ka paran ou si ou ki poko genyen laj 21 an, epi si sa aplikab, gadyen legal ou oswa ofisye yon fon fidisye ki etabli pou sipò ou, kapab responsab legalman tou. Lopital la kapab ka anile oswa redwi frè yo lè gen enkapasite pou peye. Nenpòt moun ki aplike pou yon egzansyon oswa rediksyon frè dwe kolabore nan yon ankèt finansye pou detèmine kapasite yo pou yo peye. Nenpòt moun ka kontakte pwogram CHAMP Eta Nouyòk la pou jwenn èd pou navige zafè asirans oswa pou fè apèl kont refi swen nan men konpayi asirans yo; Ou ka kontakte CHAMP nan 888-614-5400.